

**Ou gen dwa pou resevwa yon “Estimasyon de bòn fwa  
(Good Faith Estimate)” ki eksplike ki valè lajan swen  
medikal ou a pral koute**

Daprè lalwa, founisè swen medikal yo bezwen bay **pasyan yo ki pa gen asirans oswa ki pap itilize asirans yo** yon estimasyon sou fakti pou atik ak sèvis medikal y ap resevwa.

- Ou gen dwa pou resevwa yon estimasyon de bòn fwa pou pri total yo konte chaje w pou tout atik oswa sèvis ki pa yon kadijans. Sa gen ladan I depans tankou tès medikal, preskripsiyon medikaman, ekipman ak frè lopital la.
- Asire w founisè swen medikal ou a ba w yon estimasyon de bòn fwa alekri omwen yon (1) jou ouvrab anvan ou resevwa sèvis oswa atik medikal ou a. Epitou ou ka mande founisè swen medikal ou a, ak nenpòt lòt founisè ou chwazi, pou yon estimasyon de bòn fwa anvan ou pwograme pou resevwa yon atik oswa yon sèvis.
- Si w pa gen asirans epi ou resevwa yon fakti ki omwen \$400 anplis pase estimasyon de bòn fwa ou te resevwa a, ou ka konteste fakti a.
- Asire w ou sere yon kopi oswa yon foto estimasyon de bòn fwa w la.

Pou kesyon oswa plis enfòmasyon konsènan dwa ou genyen pou resevwa yon estimasyon de bòn fwa, vizite [www.cms.gov/nosurprises](http://www.cms.gov/nosurprises) oswa rele 1-800-985-3059.